



Maladi ki sòti nan manje

Jounen ki vrèman fè cho yo ka lakòz blakawout ki ka fè sistèm refrijerasyon nan kamyon yo, depo, magazen, ak kay yo pa fonksyone. Sa ka vle di manje yo pa konsève nan tanperati sekirité, sa ki ka lakòz manje yo gate pandan y ap transpòte yo oswa mete yo nan depo. Manje ki ka gate ki gen risk pou gate yo se vyann, ze, pwodui letye, fwi, kèk legim, diri kwit, ak lòt ankò.

Jounen kote tanperati a cho ak kote li imid yo kapab kreye kondisyon ideyal tou pou bakteri tankou salmonèl yo grandi. Lè bakteri sa yo grandi sou manje n ap konsume yo, yo ka bay maladi gastwoestinal tankou pwoblèm lestomak, dyare, vomisman, ak dezidratasyon.

Ki moun ki gen pi gwo risk?

- Moun ki gen plis pase 65 lane
- Timoun ki pokò gen 5 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb

Kisa nou ka fè nan ka sa?

- Verifye si frijidè ou ak gadmanje ou pa gen pwodui ki petèt kontamine ladan
- Pa kite manje ki ka gate yo rete pou plis pase inèdtan pandan w ap transpòte yo epi manipile yo.
- Si pòt frijidè a ak frizè a rete fèmen, manje ap rete an sekirite pou jiska: 4 èdtan nan yon frijidè, 48 èdtan nan yon frizè plen, 24 èdtan nan yon frizè mwatye plen
- Jete manje gate ki nan frijidè w la (vyann, pwason, fwi ak ak legim koupe, ze, lèt, ak rès yo) apre 4 èdtan blakawout
- Sèvi ak resipyen ki kenbe frechè pou w transpòte manje ki te nan frijidè epi ki glase
- Verifye tanperati yo: frijidè yo ta dwe nan $35^{\circ} - 38^{\circ}$ F epi frizè yo ta dwe pi ba pase 0° F
- Prepare epi kwit manje pandan w ap respekte prensip sekirité yo

